


Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nan Chapit 4, klas nou an pral travay ak nonm negatif. Nou pral edidye kijan pou travay ak nonm ki gen siy negatif ki parèt nan sòm, diferans, pwodwi, kosyan, ekspozan, ak dyagram.

Nou pral itilize dwat nimerik pou kalkile sòm ak diferans ki gen nonm negatif ladan yo. Pa egzanp, pou adisyon $3 + (-2)$, ou kòmanse pa mete yon baton, bout anwo a sou 3. Paske nonm pou ajoute a se yon nonm negatif, ou pwente baton an nan direksyon negatif la. Piske operasyon an se adisyon, ou avanse baton an 2 plas sou devan (nan menm direksyon ou pwente bout la) pou ka gen rezilta a, 1.



Yon fwa nou alèz ak adisyon epi soustraksyon nonm negatif, nou pral aprann kijan pou nou multipliyè epi divize nonm negatif. Apre sa, nou pral etidye dyagram nan kat kwadran epi nou pral chache jwenn distans ant pwen ki sou yon plan katesyen. Nou pral repase ekspozan yo tou epi nou pral itilize aparèy ki elaji ak retresi kòm yon fason pou pou nou reflechi sou ekspozan negatif.

Vokabilè Pandan kou yo, nou pral aprann nouvo tèm sa yo ki nan vokabilè a :

fòmil distans

kwadran

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan semenn pwochèn yo, elèv ou an ka montre li enterese nan fason diferan yon moun itilize nonm negatif andeyò lekòl la. Ou ka ede li reflechi sou kantite fwa nonm negatif ka parèt – elevasyon anba nivo lanmè, dèt nasyonal, tanperati ki pi ba pase zewo, oubyen balans kont labank ki gen tiraj depase ki fèt sou yo.